Кушъутанэкъо Нэшъу гущэр. КӀэух.

Четверг, 6 ноября 2014 г.

Рубрика: Блоги

Просмотров: 3439

Подписаться на комментарии по RSS

Ыпшъэк1э къэттхыгъэр, къызэрэттхыгъагъэу Т. Лапинскэм итхылъ къыдэк1ыгъэхэмэ, мыщ къык1элъык1орэр къызыч1эк1ыгъэр Краснэдарскэ краим Икъэралыгъо архив ары. (Государственный архив Краснодарского края, ик1эк1ып1эк1э ар тхыгъэ зэрэхъущтыр –ГАКК).
Журналэу зытестхык1ыгъэм тхьапэр зытхыгъэм ылъэкъуц1и и1энат1и ч1этхагъэп, ау зыфитхырэр Пшызэ псыхъо ижъабгъук1э щыпсэурэ къэзэкъымэ яатаманэу Г.И. Филипсон.
Шышъхьэ1ум ит1ок1ым 1857 илъэсым а зы пытап1эм щы1агъэх Шъхьабэ Исхьакърэ Сэхъутэ Нагъурэ (урысыбзэк1э ар зэрытхыгъэр – Нагу-), Къырым заом (1853 – 1856 илъэсхэм щы1эгъэ заор ары) ыпэк1э урысмэ илъэпкъ бзэгу афихьыщтыгъ ык1и, а дэдэм пыриублыхьэжьымэ ш1оигъу…

Сыхьэт заулэк1э Шъхьабэм ыуж къинагъэу къэк1уагъэу Сэхъутым гъэбылъыгъэу зэри1уагъэмк1э, шышъхьэ1ум ипш1ык1уим шапсыгъэхэмрэ нэтхъуаджэхэмрэАнтихьыр псыхъо1ум щызэзэуагъэх; Къушъутанэкъо Ефэндым, апэрэ нэтхъоджэ Тхьэматэм иш-онэ зэголъит1у къаук1ыгъ, тхьэматэу Ак1эжъ Астэмыр ыкъоу Гъук1эшъао иш-онэ зэголъ къаук1ыгъ; нэтхъуаджэмэ у1эгъый афэхъугъ, шапсыгъэмэ ащыщэу нэбгырит1у ук1ыгъэ хъугъэ, блыр – у1агъэ, бгъур – гъэр (тыркубзэк1э- ясыр, урысыбзэк1э – плен) аш1ыгъэх.
Шъхьабэ Исхьакъ къызэри1уатэрэмк1э, бэдзэогъум ит1ок1ырэ т1урэм я1оф мыхъугъэу, къызэк1эк1ожьыгъэхэу Цыгъокъуай псыхъожъые1ум (непэрэ къэзэкъ къуаджэу – Раевская – зытесыр – Ч.А.) дэжь зыщагъэпсэфызэ, Къэрэбатыр игъусэ поляк (поланд) офицерым а мафэрэ зек1ук1эр ыумысэу зыфежьэм: «Шъо топыхэр урысымэ Геленджик зяшъотым щыгъом, сыд фэдэу хъугъагъа, ахэр мэк1э дэдэ ащ щыхъухэ пэтзэ (гущы1эу – ахэр – зыфи1орэм щыублагъэу, пэтзэ – нэс, документым хэц1энлэжьыгъ – Ч.А.)», Къушъутанэкъо Ефэндым зе1ом, ащ къик1ыри, зэнэкъокъур нахь лъэш хъугъэ, хьазырэу зэзэонхэм нэсыгъагъэх, ау Къэрэбатыр ахэм 1эжак1оу афэхъугъ ык1и, бэ темыш1эу, зэк1эри зэбгырык1ыжьыгъэх.

(ГАКК, Ф322, оп.1, д 387, л. 65, л. 68)

Зытхыгъэр тхьапэм тетхагъэп, ау Анапэ дэлъ дзэм икомендант – офицерэу угугъэн плъэк1ыщт, зыфитхырэр Кубан ит къэзэкъыдзэмэ яатаман.
1оныгъом и -23 1857 илъэс. Кубан ит къэзэкъыдзэмэ яатаман ыц1эк1э тхыгъэ пакетит1у, шэджагъом ехъул1эу, бзэгухьэу Сэхъутэ Нагъо Анапэ ыхьыгъ.
Атаманыр – Нижний Адагум – зэрэщы1эщтыр 1оныгъом и 22 нэтхъуаджэмэ афитхыгъагъэ пэтзэ, мо пакетит1ур Анапэ къызыфихьыгъэмк1э офицерыр зеупч1ым, урысымэ нэтхъуаджэхэр зэзэгъыныгъэ 1офымк1э адэгущы1энхэр зыщаублэрэр ежьхэм, нэтхъуаджэхэм, яч1ыгунэу фаех ык1и, бэш1агъэу ахэр Анапэ рыпагъэхэу, шъхьэк1афэ зыфаш1ырэ ч1ып1эу зэрэщытым папк1э – ащ къырагъэхьыгъ. Адэгум шапсыгъэмэ яч1ыгоу нэтхъуаджэмэ алъытэ.
(ГАКК, ф322, оп.1, д. 387, л. 72)

Журналэу къызытестхык1ыгъэм ышъхьэгъык1э – секрет – ы1оу, тетхагъ.
Занэкъо Сэфэрбый ыгъэк1огъэ нэбгырит1умэ язэу Сэхъутэ Нагъом гъэбылъыгъэу къызэри1уагъэмк1э, мэфитф горэмк1э узэк1э1эбэжьымэ Ахъожъ к1эй нэбгырэ 4000 фэдиз щызэрэугъоигъагъ шы 1эхъогъум е-Нашембург редут – тебэнэнхэу ык1и ахэм топит1у а1ыгъагъ. Къэбарыр Сэхъутэм урысымэ зафи1отэрэ лъэхъаным а топыхэр Мэзык1ахь къуджэ щы1агъэх. «Тебэнэнхэм ыпэ рапш1эу, мамырныгъэ хэлъэу, о (Кубан итыгъэ къэзэкъыдзэм иатаман арынк1и хъун – Ч.А.) къыбдэгущы1эхэмэ нахьыш1оу купышхом къыхалъхьагъ Шъэутыхъумрэ Кушъутанэкъо Ефэндымрэ». …
1оныгъэм и 13 1857 илъэс.
(ГАКК, ф. 322,оп.1, д. 387, л. 69)

Мыр зытхыгъэр документымэ ахэзгъотагъэп, ау сызэрэгугъэрэмк1э, а лъэхъаным полуэскадроным ипэщагъэр ары, е Анапэ дэлъыгъэ дзэм икомендант.
Зыфитхырэр Кубан итыгъэ къэзэкъыдзэм иатаман.
Зэритхырэмк1э, тыгъэгъазэм и 15 и 16 зыщызэ1ук1эрэ чэщым адыгэ шыуих лъыхъуак1о ащ ыт1упщыгъ. … Къуаджэу Шъумай дэжь ахэр зы1охьэхэм, нэбгырэ 70 нэс хъухэрэмэ шыуихыр къауцухьэри, шхончзэхао аш1ыгъ ык1и, ахэм ащыщырэ нэбгырищымэ яшыхэр ук1ыгъэ хъугъэх. Шыугъэхэу, ау лъэсэу къэнагъэхэу Хьаш1уц1эхъу Тыгъужъ, Огъул1 Гъуч1ыпс, Хьагъур Ислам, нэбгырищыри, аубытыгъэх. Къумалыгъэр хэлъэу Анапэ бзэгу зыхьырэр

зэрагъаш1эмэ аш1оигъоу за1оупч1хьэхэ уж – нэбгырэ пш1ы пчъагъэр ык1и тхьаматэхэр зэрэщытхэу, Бэус Хьаджэбырам иунашъок1э, ахэр зэхыраупк1этагъэх.
«Арышъ, етхы ащ,- зыщыщыгъэхэ полуэскадроным хэптхык1ыжьынхэу сыолъэ1у».

Тыгъэгъазэм и 28 1857 илъэс.
(ГАКК, ф. 322, оп. 1, д.380, л.275)

Анапэ дэлъ дзэм ипашэ пытап1эу – Варениковское – (Къоркъой) ипашэ зэрэфитхырэмк1э, нэтхъуаджэхэр Урысыем гоуцонхэу Ахъожъ к1эим щырахъухьагъ ык1и, а мэфэ дэдэм ахэр чъэхи ар ра1уагъ. Ары шъхьэм, ащ фэдэ 1офыр ежь, Анапэ ипашэу майорым зэш1уихын зэрэфимытыр ари1уагъ ык1и, ахэр Адэгум псыхьо тет пытап1эу – Крымское – зыфа1орэм к1онхэу заре1ом, зэк1э ащ къэк1огъэ нэтхъуджэмэ зэдырагъаштэу – Анапэ хъуныри мыхъуныри, ежьхэмк1э, къыщежьэ хэбзагъэшъ, Урысыем зэреш1ухэрэр Анапэ щаухэсымэ зэраш1оигъор, «зымакъэк1э»,- п1уагъэми ухэмыукъон фэдэу, къызэда1уагъ.
Шэк1огъум ибгъу 1859 илъэс.
(ГАКК, ф.341, оп.1, д.158)

«Кавказ ит дзэм фэгъэхьэгъэ унашъу. №511.. Бэдзэогъум и 12. 1860 илъэс. Коджари.
Мэзаем и29 1860 илъэсым Кавказ ч1эт дзэхэм япашэ ыш1ыгъэ унашъом фэшъуашэу, Кубан ит дзэхэм япашэ къызэригъэлъэгъуагъэм тетэу, Нэтхъуаджэм Игъэ1орыш1ап1э щылэжьэщтхэр изэрэгъэкъунхэм папк1э, ащ фэсэгъэнафэх: 1энэт1э тетыгъор ямы1эу, наибэу щытынхэу, Азием щыпсэухэрэ Кушъутаныкъо Нэшъу Ефэндыр, Бэус Хьаджэбырам Ефэндыр, Пцашэ (урысыбзэк1э ащ ыц1э зэрэтхыгъэр мощ фэд:- Хамако -); Нэтхъуаджэм икъадыеу Шъэотыхъу Мустафэ Ефэндыр; ц1ыфмэ депутатхэу (л1ык1эхэу – Ч.А.) я1эщтыхэр: Щэхэл1 Хьаджтемыр ефэндыр, Мышъэ Хьащыр, Хъошъобыцу Абдул.
Мо 1офыгъор Кавказ ч1эт дзэхэм ясэгъэ1у.
Пэшэшхор зэрэщымы1эм иблэк1эу генерал – адъютантэу, пщэу – Ят1онэрэ Орбелиани».
(ГАКК, ф.347, д.38, л.13)

Кубан ит дзэм ипашэу Н.И. Евдокимовым ытхырэр зыфак1орэр Нэтхъуаджэ итхьэматэу П.Д. Бабич.
… Нэтхъуаджэхэр мыда1охэ зыхъурэм к1уач1эу и1эр арихьыл1эни зэрэригъэуцол1эщтыхэр ари1онэу фетхы; нэтхъуаджэхэр бэш1агъэу зымыдэ1ожьыхэрэр, джы дэдэм ахэр ыгъэпщынэхэми хъущтэу ары ащ фитхырэр. Ет1аунэ «Урысыем и1о еуцуал1эхэрэм, щы1энхэ пай афикъун ч1ыгу 1эхь ястынэу пачъыхьэм ы1уагъэшъ, ащ фэдэм иуахътэ къызысырэм – лъэпкъ пэпчъ ар сэ фэзгъэцэк1эщт – нэтхъуаджэхэри зэрахэтэу, ау непэ нэс ахэм япчъагъэ згъэунэфын слъэк1ырэп». … «Нэтхъуаджэхэр зэхэмытхъыгъэхэу Остыгъай дэжь 1ут1ысхьэгъэхэ зыхъурэм, гъатхэм нэс ащ 1орэсыгох, гъатхэр къызэрэсыгъэу згъэнэфэгъэ гъунапкъэхэм адэжь кощыжьынхэу пхъашэу яп1ощт». … «Ищык1агъэмэ, зафэгъазэри ахэм, гъогухэр шъуш1ых; мыда1охэрэм якъуаджэхэр шъукъутэхэри, ахэмэ адэсхэр темэнымэ ахэжъугъэт1ысхьэх. А купым и1оф зызэш1опхырэм ыуж, тапэк1э щы1эхэм узэрадэзек1ощтыр нахь 1эш1эх хъущт. Рэхьатыхэ, 1орыш1э зыхъухэрэм, гъатхэм кощыжьынхэу Тхьэры1уагъэ заш1ырэм нэтхъуаджэхэр а ч1ып1эм къинэгонхэ фитых ны1эп».
Чъэпыогъум и 14 1861 илъэс.
(ГАКК, ф. 389, оп. 1, д. 36, л.л. 20-22)

Кубан дзэу итымэ япашэу Н.И. Евдокимовым ытхырэр зыфак1эрэр Нэтхъуаджэ итхьэматэу П.Д. Бабич.
(Пунктипл1 мэхъу)
1) … зыдырищык1эгъэ ч1ып1эхэм къэзэкъ къуаджэхэр зэрэщыдгъэуцущтхэр нэтхъуаджэмэ яп1ощт, нэтхъуаджэхэр – ежьхэр зэрэхъухэрэм фэшъуашэу, ч1ыгу 1эхьхэр къафыпытыутыщт».
2) … «Нэтхъуаджэхэмрэ шапсыгъэхэмрэ зэхэхьэжьыхэмэ –ар тэрк1э нахь дэгъу, ащыгъум тызэрэфаеу ахэр дгъэпыинхэ тлъэк1ыщтых».
3) «Нэтхъуаджэмэ япчъагъэ гъэунэфыгъэу зэгъэш1эгъэн фай ык1и ахэр а ч1ыгум зэрибгъэт1ысхьэщт ш1ык1эм уеусэн фай».
Шэк1огъум ибл 1861 илъэс.
(ГАКК, ф. 389, оп.1, д.36, лл. 51-53)

Къэзэкъ къуаджэмэ ятхьэматэмэ Адэгумыдзэм ипашэу Крюковым зэрафитхырэмк1э, нэтхъуаджэмэ лэжьыгъэр зыщыраутын ч1ыгу 1эхь арамытынэу ары; пхъэ1ашэ зы1ыгъэу шъофым къихьэрэ нэтхъуаджэм ипхъэ1ашэ 1ырахын фаеу теубытагъэ ащ къафеш1ы. Щык1агъэ нэтхъуаджэхэм я1эхъумэ, ахэр генералэу Бабич к1элъырыхьэн зэрэфаехэмк1э макъэ арегъэ1у.
(Гъэтхапэм и 18 1863 илъэс
(ГАКК, ф.350, оп.2, д.5, л.8)

Тхьапэр Адэгумыдзэм къек1ыри Нэтхъуаджэ итхьэматэ игуадзэ фэк1о.
« Нэтхъуаджэ тхьэматэхэр непэ садыжь къак1охи, зэк1э нэтхъуаджэу ти1эгу – ч1ы1у щыпсэухэрэр Тыркуем ик1ыжьынхэм зэрэезэгъыхэрэр къыса1уагъ».
Мэкъуогъум их 1863 илъэс.
(ГАКК, ф.350, оп.1, д.118)

(К1эмытхык1ыжьыгъэу, ау документхэм ахэлъ тхьапэмэ ащыщэу къытестхык1ыжьыгъэр):
Къафыпырабзык1ыгъэ ч1ыгум нэтхъуаджэхэр зэрэизэрэмыгъэфэжьыхэрэр къа1о зэпыт ык1и, ащ пайк1э (гущы1эу – рахъухьэ – тхыгъэ, ет1уанэ – ащ екъоожьыгъэу, ычъы1ук1э тетхагъ – езэгъых-) зэк1эри Тыркуем ик1ыжьынхэу, сыда зып1орэм, Балкан къушъхьэхэм ятемыр ылъапсэхэм, - Варна – ык1и (адрэ къалэу ащ итхагъэм сыкъеджэшъугъэп) азыфагу илъ ч1ыгур къаратыгъэ фэдэу щыт. Ауми, ар гъэнэфэгъэ дэдэу щытэп.
Мэкъуогъум ипш1ык1уз 1863 илъэс.
(ГАКК, ф.325, оп.1, д.308, л.34-лл.34 об.ст.)

Зытхырэр Бабич, зыфитхырэр – ежь игуадзэу полковникэу Крыжановскэр ары.
«Къэзэкъхэр зыдэс къуаджэхэм азыфагу ащыпсэурэ нэтхъуаджэмэ яунагъохэр псыхъоу Псыбэпс ык1ыб ащэжьыщтых, зыщыпсэунхэ зыщыря1э фэдэхэм ялэжьыгъэ утыжьыгъэхр ащэжьынхэ фитых; къэзэкъ къуаджэхэм азыфагухэм мэкъу ащеонхэ фитыхэп; зыгорэк1э о унашъор ащыщ горэм ыукъомэ, и1оф зэхэфыгъэным папк1э, Кушъутэнэкъо Наибэм ащ фэдэр Новоросийскэ къыщэнэу фэбгъэпытэщт.

Нэтхъуаджэхэр Тыркуем щыпсэунхэу Кушъутанэкъо Наибэм рихъухьэу къухьэхэм алъыхъу зыхъурэм», Кушъутанэкъом л1ык1оу къыгъак1охэрэм 1эпы1эгъуш1у афэхъунэу фетхы ык1и, Тыркуем к1ожьыщтхэр Анапэ дэжь къухьэхэм ащырит1ысхьэнхэ фаеу етхы.
«Уиш1э хэмылъэу Нэтхъуаджэ зэ1ук1э шаш1ын зэрэфимытхэр Кушъутанэкъо Наибэм фэбгъэпытэщт, ау зэ1ук1эхэр ящык1агъэу зыхъурэм – ыпэ рапш1эу Кушъутанэкъом макъэ къыуигъэ1ун фай».
Мэкъуогъум и 11 1863 илъэс.
(ГАКК, ф.325, оп.1, д.308, л.32, л.32 об.ст.)

Урыс тхьэматэмэ рахъухьэгъэу щыт нахь мыш1эми, псыхъожъыеу Мэзк1ыхь дэжь 1урагъэт1ысхьэгъэ къэзэкъхэр ялъэ1угъэхэ нахь мыш1эми, ахэм раутыгъэ лэжьыгъэ къыхэк1ыгъак1эхэр зэхаутыхьэ нэтхъуаджэу а псыхъо дэдэм к1элъырысхэмрэ Кушъутанэкъом икъуаджэ дэхэмрэ ябылымхэм. Заулэрэ а 1офым фэш1к1э къэзэкъхэр тхьаусыхагъэх нахь мыш1эми – зыгорэм ар аущтэу аш1ынэу нэтхъуаджэмэ къари1уагъэми къэш1эгъуай. Мэкъуогъум и 16-м а лэжьыгъэм ших техьэгъэу къэзэкъмэ ахэр зыщаубытыным дэжь, нэтхъуаджэмэ – зыш нахь къэмынэу, къатырахыжьыгъ. Къэзэкъ къуаджэу – Раевская- зыц1эм итхьэматэ къэзэкъхэмрэ нэтхъуаджэхэмрэ ащыщ купит1оу зэ1уигъэк1агъэмэ былымымэ зэрарэу аш1ыгъэм пай хьисап аригъэш1ыгъ нахь мыш1эми – нэтхъуаджэмэ мысэк1э залъытэжьырэп ык1и зы шэу къэзэкъмэ аубытыгъэр къаратыжьын фаеу алъытэ.
(Мэкъуогъум и 16 1863 илъэс.
(ГАКК, ф.350, оп. 1, д.116, л.6)

Адэгумыдзэр зезыщэу Фитингоф Нэтхъуаджэ итхьэмэтэ гуадзэу полковник Крыжановскэм фитхырэм щыщ.
«Убын псыхъо дэжь зэ1ук1эшхо щы1эщтэу ык1и ахэр Кушъутанэкъом зэрежэхэрэр непэ къэбарэу къысэнэсыгъ.
Мо къушъхьэч1эсым нэтхъоджэ нэбгырэ шъыим нэсэу игъусэу Хьаплъэ псыхъо (Шапсыгъэ ч1ыгужъым – Ч.А.-) Бабич дэжь зэрэк1огъагъэм, ащ гулъытэныгъэ зэрэсигъэш1ыгъэм ифэшъуашэу, непи сызэрэгугъэрэмк1э, ар шапсыгъэхэмрэ абэдзэхыхэмрэ ахэхьэмэ ш1оигъошъ, ащ фэдэ мыхъуным фэш1 ар къэзэкъ къуаджэу – Крымская – щыублагъэу Убын нэс, тидзэхэр зыдэщытхэмк1э, ет1уни нэбгырэ пш1ык1утф нахьыбэ имыгъусэу, к1онэу унашъо сш1ыгъэ». …»Мо мазэм

ит1ок1ырэ бгъурэм, Убын нэпкъ пост щызгъэуцуным фэш1, ащ сынэсынэу сэ1о. Къушъхьэч1эсмэ ялэжьыгъэхэри, ямылъкухэри аш1озгъэк1одызэ, мэзыхэу тетыупк1ыгъагъэмэ апшъэк1и, ахэк1и сырык1ощт; къынэужым – язэ1ук1э зэбгырысфыщт. Арышъ, пш1энэу сыфай, зыгорэк1э Кушъутанэкъор шъыпкъэ дэдэу, тигуапэ къыхэк1ынэу гухэлъ зэ1ук1эм щиш1ынэу щытымэ, тыкъэмысызэ и1оф ащ щерэух».

Мэкъуогъум ит1ок1ырэ хырэ 1863 илъэс.

(ГАКК, ф.325, оп.1, д.280, л.25)

Журналэу зытестхык1ыгъэм зытхырэми, зыфитхырэми алъэкъуац1эхэр итхагъэп, я1энат1эхэри къы1охэрэп.

Къэбарыр бэдзэогъум ит1ок1ырэ т1урэм 1863 илъэсым зыхьыгъэр бзэгухьэу Ацэкъо Мустаф.

Документым зэритхагъэмк1э Зэнэкъо Къэрэбатыр нэбгырэ минихым нэс ыугъоигъагъ, бэдзэогъум и 22 шыхэр зыгъэхъухэрэр ык1и ахэр зыгъэгъунэжьырэ урыс дзэк1ол1ымэ атебэнэгъагъэх. Нэтхъуаджэмэ япэшагъэхэм зэу ащыщыгъэх Кушъутанэкъо Исмахьилэр, Бэус Хьаджэбырам, Шъхьабэ Исхьакъ; ахэм анэмык1эу нэбгырибл ац1э джыри къыре1о. Шапсыгъэмэ япэшагъэхэр бзэгухьэм ыш1эхэрэп. Ащ къызэри1уатэрэмк1э, Къэрэбатыр нэтхъуаджэмэ лъытэныгъэу фаш1ырэм мафэ къэс къыщык1эти, ар зыпкъ ригъэуцожь ш1оигъоу мо 1офыр зэхищагъэу ары. Къэбарыр зэрытхыгъэмк1э, урысымэ шэу къатырахыгъэхэр афызэрэмыгъэгощэу – зэхъотхъожьыгъэх.

Анапэ пэблагъэу щыпсэухэрэм ащыщэу нэбгырипл1ыр урысымэ ахэук1ыхьэгъэ хъугъэ, пш1ык1утфыр у1агъэ. Къэрзэдж Сыхьатчэрые ук1ыгъэ хъугъэ, Бастэ Мустафэ ытх сэшхок1э у1эгъэшхо тефагъ.

Шапсыгъэхэмрэ нэтхъуаджэхэмрэ Анапский горский полуэскадроныр* гъэпц1эгъэ къулай горэ къыфагъотыни, зэхагъэтэкъонэу фаех.

(ГАКК, ф.322, оп.1, д.387, л.63)

Евдокимовым Нэтхъуаджэ итхьэматэрэ Адэгумыдзэм ипашэрэ афитхырэм щыщ. Ащ зэри1орэмк1э, нэтхъуаджэхэр зэрэхъурэ пчъагъэр ык1и ч1ыгу 1эхьэу зырагъэт1ысхьэщтыхэм иинагъэ зэрэхъущтыр плъытэнхэу, уахътэ атебгъэк1одэнэу щытхэп. Ежь зыфи1огъэ ч1ыгу 1эхьым псынк1эу игъэт1ысхьэгъэнхэ фаеу ащ е1о; а ч1ып1эм ит1ысхьэнэу фэмыехэр, е Тыркуем

ик1ыжьынхэ, е Пшызэ псыхъо ижьабгъук1э, ч1ып1э нэк1ыхэм арыт1ысхьэнхэ фаеу е1о.
Ахэм ащыщ горэ Кушъутанэкъом мэфипш1ык1э зимыгъэцак1эрэм, аубытыни, Ставрополь ащэнэу е1о.
Къэзэкъ къуаджэу – Гостагаевская – гъэкощыгъэнэу, ащ нэтхъуаджэхэр игъэт1ысхьэгъэмэ дэгъугъэу Маняти зыфи1огъагъэр – ари мыхъухэщтэу е1о.
Шышъхьэ1ум ипш1ык1ух 1863 илъэс.
(ГАКК, ф.325, оп.1, д.308, л.59, л.64 об.ст.)

Кубан ит къэзэкъымэ яатаманэу генералэу Сумароков-Эльстон ытхырэр зыфак1орэр Евдокимовыр ары.
Маняти Сумароков-Эльстоным зэрэфитхыгъэм телъытагъэу ежь, Сумароков-Эльстон, Евдокимовым фетхыжьы.
Нэтхъуаджэхэр шышъхьэ1ум и 18 Маняти дэжь къак1охи, къара1огъэ ч1ып1эм мэфипл1ым къык1оц1 зэрэит1ысхьэщтхэр къыра1уагъ. Зэрыт1ысхьэщтыхэр десятинэ 68000 мэхъу, ау ащ щыщэу улэжьын плъэк1ыщтыр десятинэ 40000 нахь хъурэп. Ащ ит1ысхьэн зылъэк1ыщтыр унэгъо 4400, е, нэмык1эу къэп1он хъумэ – 26252. Ащ имыт1ысхьэшъунэу къанэрэр унэгъо 1776 (нэбгырэ 12930).
«Псыхъожъыехэу Кудакъорэ Джэнчыпсынэрэ азыфагу, нэтхъуаджэхэм янахыыбэр зэрыдгъэт1ысхьэгъэхэм, ахэфэжьынэу хъурэпышъ,- Джига – дэжьырэ, къэзэкъ къуаджэу – Крымская – ыхэ ыдэжьык1э ч1ыгу 1эхь ятэбгъэтына?»- е1ори Сумароков-Эльстон Евдокимовым еупч1ыжьы.
Шышъхьэ1ум и 19 1863 илъэс.
(ГАКК, ф.325, оп.1, д.308, л.66, л.67)

Нэтхъуаджэ итхьэматэрэ Адэгумыдзэм ипашэрэ Евдокимовым афитхырэм щыщ.
… «Нэтхъуаджэмэ япчъагъэу Маняти къыгъэлъагъохэрэр сш1ошъ хъунхэ ылъэк1ырэпышъ, полковникэу Шолковскэр шъуадэжь къэсэгъак1о. Сиунашъо пытэхэр шъуызыдэщы1э ч1ып1э дэдэм ащ къыщыжъугуригъэ1ощтых ык1и, нэтхъуаджэмэ ч1ыгур къаунэк1ыфэ нэс ар къышъухэтыщт. Къынэужьым, а 1офыр зэрэшъуухыгъэмк1э, тхьэпэ тхыгъэ къысфяжъугъэхьыщт».
Шышъхьэ1ум и 23 1863 илъэс.
(ГАКК, ф.325, д.308, л.65,л.68)

Нэтхъуаджэ итхьэматэ Евдокимовым фитхырэр.
«1оныгъо мазэм иим нэтхъуаджэхэр зэк1эри зыдэт1огъэ ч1ып1эм, псыхъожъыеу Псыбэпс, Джэнчыпсын, Бэкъан азыфагу арыт1ысхьэгъэх. Унэ – къакъыр зыфэп1ощтыхэу къэнагъэхэр зэбгырятэгъэхыри, нахь чыжьэу 1урятэгъэхыри, ятэгъэгъэстых, сыда зып1орэм – ялэжьыгъэхэр, ямэкъу – уарзэхэр ахэм апэблагъэхэшъ ары. Ялэжьыгъэхэр къагъэгъунэнхэм фэш1 нэбгырэ заулэхэр, ябынхэр ямыгъусэхэу, ращыжьын фай. Хэт иш1эра, а ч1ып1эм зыгорэ зы1ухъухьэрэм, ащ 1утыгъэ нэтхъуаджэхэр Урысыем ядгъэщэщтых. Мэкъу-уарзэхэр рамыщыжьэу, къэзэкъ къуаджэмэ адэсхэм яизынк1э, а ч1ып1э дэдэм щагъэшхэнхэ фитых». …
1оныгъом ипш1ык1уз 1863 илъэс.
(ГАКК, ф.325, оп.1, д.308, л.111, л.112)

Кубан ит къэзэкъыдзэм иатаманыгъо зыгъэцэк1эрэ графэу Сумароков-Эльстон Нэтхъуаджэ итхьэмэтэ гуадзэу Крыжановскэм фитхырэм щыщ.
… «Мо мэфэ заулэхэм Адэгумыдзэр зыдэщы1эм дэжь сык1онэу зысэгъэхьэзырышъы, зигугъу къыпфэсш1ыгъэ 1офыгъохэр (нэтхъуаджэу агъэк1ощыхи, шъофым рагъэт1ысхьэгъэхэм ык1и Тыркуем ик1ыжьыгъэхэм япчъагъ – Ч.А.) къэзъкъ къуаджэу – Хьабльская – (Холмский – Ч.А.) къябгъэхьынэу осэ1о ык1и, о ащ укъэк1он фай». …
«Нэтхъоджэ тхьэматэу Кушъутанэкъом фэгъэхьыгъэу: ар къытфэгупц1анэу пш1ош1 мэхъумэ – ари уигъусэу къэк1он фитэу изын осэты; ау аужыпкъэм зэриш1ыгъэм фэмыдэу – хьаолыеу нэтхъуаджэхэр ымыгъэбырсырхэу, колоннэм шъухэтэу шъукъэк1онэу осэ1о».
1оныгъом ит1ок1ырэ ирэ 1863 илъэс.
(ГАКК, ф.325, оп.1, д.308, л.54, л.54 об.ст.)

Нэтхъуаджэ итхьэматэ и1эпы1эгъоу Маняти Адэгумыдзэм ипашэ фитхырэм щыщэхэр.
Нэтхъуаджэмэ Маняти къыфатхыгъэ тхыгъэу, унэгъо пчъагъэу зэрэхъухэрэр, ахэм арыс нэбгырэ пчъагъэр, зэралъытагъэмк1э, унэгъо 5857 мэхъух ык1и, пстэумк1и нэбгырэ 37250 екъух. Аущтэу щыт нахь мыш1эми, ахэр икъоу зэрэмытхыгъэм гулъытэ Маняти ыш1ыгъэу, а 1офым к1эух икъу фиш1ыным папк1э хэти

зыщыпсэурэ ч1ып1эхэр апытхыхьэгъэу атхынэу, ащ Нэтхъуаджэ игъэ1орыш1ап1э къыч1игъэнагъэх зэк1э лъытэныгъэ зыфаш1ырэ тхьэматэхэр. Тхьэматэхэр а 1офыр яшъыпкъэу зэш1уахынэу ыуж ихьэгъэх ык1и, Маняти зэрэгугъэрэмк1э, ар мэфит1у горэмк1э аухынэу ары.
Ч1ыгум шапхъэ тезыхырэмэ ятхьэматэ къызэригъэлъэгъуагъэмк1э, нэтхъуаджэхэр зырагъэт1ысхьэщт ч1ып1эр десятинэ 68000 мэхъу; ащ щыщэу дес. 10000-у Пшызэ исэмыгук1э голъыр – темэныжъ; ащ нэмык1эуи, къушъхьэхэмрэ мэзыхэмрэ уащыпсэун плъэк1ынэу амал я1эп. Ч1ыгоу нэтхъуаджэхэм афыпырабзык1ыгъэм рагъэт1ысхьэгъах нэбгырэ 14476. «Зэрэхъурэмк1э,- етхы Маняти,- анахьыбэмэ, джыри ащ ибгъэт1ысхьэн плъэк1ыщтыр унэгъо миным къехъун ылъэк1ыщтэп, нэмык1эу къэп1он зыхъурэм нэбгырэ 5000; яч1ып1эжъмэ арысыгонхэ фай. А 1офыгъо къиныр нахь 1эш1эхэу гъэпсыгъэным фэш1 сызышъхьымысыжьэу сылэжьагъ – тхьэмык1э дэдэхэм ахъщэ ястызэ, Тыркуем ик1ыжьынхэу ык1и, ащ пайк1э сызыфэлэжьагъэр хьазырэу къабыл хъугъэу, Кушъутаныкъо ефэндым – зэк1э етфыжьэрэ 1офыгъохэм япыим, нэтхъуаджэхэр ежь зыкъуищэнхэ ылъэк1ыгъ; бэ темыш1эу зао къэхъущтэу, ащ ыпкъ къик1эуи – идгъэт1ысхьэгъэ урыс къуаджэхэм арагъэбгынэжьыщтэу ык1и, зы нэбг Тыркуем ик1ыжьыным емыгупшысэжьыным фэш1 Тхьэры1уагъэ аригъэш1ыгъ. Ти1офхэм зэрар къафэзыхь зэпытэу мо зы нэбгым ык1и ащ игъусэрэ нэбгырэ заулэхэу сэ сш1эхэрэр бэш1агъэу сыубытыныех, ау Нэтхъуаджэмэ шъхьэихыгъэу зыкъа1этыкъомэ сэ1ори, ащ сыш1ол1ык1.
Нэтхъуаджэ изытет амалэу си1эм фэшъуашэу къэс1уатэзэ, къушъхьэч1эсхэр, сыд фэдэк1и, Пшызэ псыхъо зэпырык1ынхи псэунхэм зэремыуцол1эщтхэр къэсымы1он слъэк1ыщтэп.»…
«Ар зыхъурэм, орк1э 1эрыфэгъоу бгъэцэк1эн плъэк1ыщтмэ, гущы1э горэ къэс1онэу изын къысэт: нэтхъуаджэмэ гъунапкъэу афэхъугъэ Остыгъэе псыхъожъыем щыублагъэу Джига (Пшызэ псыхъо гочъыти, хы Ш1уц1эм хэхьэжьыщтыгъэ хъуат – Ч.А.) нэс – ар зы лъэныкъор ары, ят1онэрэр – къэзэкъ къуаджэу – Витязево – зыдэщытыгъэм нэс афэтт1упщымэ, гуш1охэзэ нэтхъуаджэхэр ащ ит1ысхьэщтых. А ч1ыгур афэдгъэк1отэным фэш1 къэзэкъ къуаджэу – Гостагаевская – зыфи1орэмрэ грекыхэр (урымхэр, юнанхэр – Ч.А.) зыдэщыс къоджэ ц1ык1умрэ дгъэк1ощынхэ фай ны1эп, адык1э зэк1эри зытетыгъэм фэдэу къэнэщтых. Къэзэкъ къуаджэу – Гостагаевская – ык1и грек къоджэ ц1ык1умрэ хы 1ушъом дэжь – Шъыкъо, Дыршъо, Озэрэджь ык1и ащ анэмык1хэм ахэр бгъэт1ысыхэмэ хъущт.
Шышъхьэ1ум ибгъу 1863 илъэс.

(ГАКК, ф.325, оп.1, д.308, л.61, л.62)

Зытхэр Маняти, зыфитхырэр Бабич.
Е Ставрополь (адыгэр ащ зэреджэщтыгъэр – Щэткъалэ – Ч.А.-) къек1ыжьыфэ, е Туркуем къик1ыжьыни Заныкъо Къэрэбатырэу бэ темыш1эу къэсыжьыщтым ежэнхэ фаеу, шъыпкъэми, пц1ыми – урыс тхьэматэмэ а1орэр амыгъэцэк1энэу, зыфа1орэ ч1ып1эхэми арымыт1ысхьэнхэу, Кушъутанэкъо Нэшъур иунэ исэу шапсыгъэхэмрэ абэдзахэхэмрэ ятхьаматэмэ афыритхэу юнкерэу (Урысыем иофицер) Олыгъэй Пщыкъуй зелъэгъум, ащ фэдэу ар зыч1итхырэмк1э зеупчъым, зыч1итхырэр ежь, Кушъутанэкъом,, ыш1эу къыри1уагъ. Ащ дэжьым Кушъутанэкъом иунэ исыгъэ Бэус Хьаджэбырами ар ымыш1энэу зыре1ом, Олыгъэим джэуапэу ритыжьыгъэ дэдэр ары ащыми къыри1ожьыгъэр.
1оныгъом и 17 1863 илъэс.
(ГАКК, ф.325, ф.325, оп.1, д.308, л.87, л.87 об.ст.)

«Дзэк1ол1 къэзэкъ къуаджэхэм, дзэк1ол1 кордонхэм ятхьэматэхэм афэк1о:
Мо тхьапэр къэзыгъэлъагъоу Нэтхъуаджэ инаибэу Кушъутанэкъэ ефэндэу гъусэхэр зи1эу Адэрбэ (непэрэ Адербиевка – Ч.А.-) ик1эу къэзэкъ къуаджэу – Григорьевская – (ащ ыпэк1э а ч1ып1эм щысыгъэ шапсыгъэ къуаджэм адыгэр зэреджэщтыгъэр – Пэнэтыку – Ч.А.-) к1орэм ык1и къэк1ожьырэм, ахэр къэзыгъэгъунэщтхэр гъусэ афэш1ыгъэнхэ фай; чэщыхэр зыщырахыщтхэ унэ тэрэзы1охэри ятыгъэн фай. Ащ пайк1э мо тхыгъэ тхьапэу сызык1этхэжьыгъэмрэ ык1и къэралым имыхъур зэджыжьыгъэмрэ есэты».
Чэпыогъум ищ 1863 илъэс. Дзэуцуп1э Адэрбэ т1уак1эр. Генерал-майор».
Къэс1он, мо документым зи к1этхэжьыгъэу ык1и мыхъур едзыгъэу щытэп.
(ГАКК, ф.325, оп.1, д.312, л.144)

Адэгум къэзэкъыдзэм ипашэ фэк1о, ащ фэзытхырэр Кубан ит къэзэкъыдзэмэ яатаман.
«Мо аужырэ уахътэхэм бэрэ къысэтхьаусыхал1эх мамырныгъэ зыхэлъ къушъхьэч1эсхэу зыфэт1орэ ч1ыгум идгъэсхьэгъэхэр; ахэм даоу я1эр тикъэзэкъхэу ахэм ач1ып1э арыдгъэт1схьэгъэхэр адыгэмэ зэрятыгъо зэпытыхэрэр

ары – ямэкъухэр, япхъэхэр аш1уатыгъу. Арышъ, ащ нахьыбэрэ фэдэ заш1эжьырэм, ахэм пшъэдэк1ыжь зэрахьыщтыр агурыгъа1у».
Чъэпыогъум их 1863 илъэс
(ГАКК, ф.350, оп.2, д.124, л.26)

Шэк1огъум ибгъум 1863 илъэсым Шъэош1у Пшъэшъэдахэ Анапэ къалэ пэмычыжьэу щыт – поселок Анапский – зыфа1орэм къэк1уагъ, ау ар нэтхъуаджэмэ ащымыщэу зэрэшапсыгъэм фэш1 Ольгинскэм, а мафэхэм урысыдзэмэ я1офхэу Шапсыгъэ къыщырафэк1хэрэм теуфагъэу гупчэк1э хырахыгъэм дэсэу, ащ итхьэматэу, къэбэртэе оркъ хэк1эу ык1и Урысыем иофицерэу (ротмистр) Шыпщэ Акътол ыкъоу Темыркъан дэжь к1онэу щыра1уагъ. Ащ к1огъагъэу документыхэм къахэфагъэп, ау къык1элъык1орэ мазэм Адэгум къэзэкъыдзэм иофицерхэм адэжь к1онэу зык1эхъугъэр къафи1отагъ.
Илъэс 35 ыныбжь, мыслъымэн, Мыжъок1ыщ псыхъожъыем инэпкъыхэм къатехъухьэгъ. Ащ ятэр нэтхъуаджэу Баджэ Еутых. Ыныбжь зекъум нэтхъуаджэу Шъэош1ум, Ц1эмэз пэмычыжьэу щыпсэущтыгъэм, дэк1уагъ. Ик1алэ Хьэкъар ыц1, илъэсый ыныбжь; пшъэжъые нахьыжъыр – Хьанифэ (10), нахьык1эр – Уахьидэ (2).
Блэк1ыгъэ илъэсым ишъхьэгъусэ идунай ыхъожьыгъ. Ет1уанэ, а бзылъфыгъэм ипщыкъоу Шъэош1у Бек къытесыхьэу ыублагъ – сабыйхэр бзылъфыгъэм имыехэу, зыехэр ышэу ык1и ахэр Тыркуем щищэнхэу хьисап зэриш1ыгъэм ыгъэщыни, бжьыхьэр хэк1отагъэ нахь мыш1эми, ащ исабыйхэр гъусэ ыш1ыхи, Адэгум псыхъо тет къэзэкъ къуаджэу – Крымская – гъэбылъыгъэк1э к1уагъэ ык1и ащ мэфихэ дэсыгъ. Къынэужым, генерал Бабич иунашъок1э. а унагъор ратыгъ ишъхьэгъусагъэм иунэкъощэу Кудэкъо псыхъом дэсыгъэм ык1и ахэр мэзипл1э ащ исыгъэх. Ет1уанэ, унэ нэк1эу псыхъо ц1ык1оу Псыф тетым мэзит1о исыгъ. Амалым а бзылъфыгъэр еусэу, нэтхъуаджэмэ ятхьэматэу Кушъутанэкъом зэрищэл1эжьынэу елъэ1угъ, ау гулъытэныгъэ фимыш1эу, ежьыри коцыжьыгъэмэ ащыщэу ык1и имыч1ыгу щыпсэунэу к1ожьыщтэу къыри1уагъ. Ащ фэдэу 1офыр зэхъум икъынэуж, а бзылъфыгъэм ахэм шъхьэгъэзып1э зэрахимыгъотэщтыр аш1ошъ хьуешъ – Кушътанэкъори, нэмык1ыри тхьэматэхэри зэ1ук1эм зэрэщытхэу шъхьэгъэзып1э лъыхъунэу урысмэ адэжь зэрэк1орэр ари1уагъ ык1и, исабыйхэр зэхиугъуаи, къэзэкъ къуаджэу – Варениковская – к1уагъэ, ащ рагъэк1ыри – Анапэ агъэк1уагъ.

Зэфагъэрэ шъыпкъагъэрэ нэмык1 хэмылъэу къехъул1агъэр къы1отагъэу е1о ык1и, исабыйхэмрэ ежьырырэ ашхын зэрямы1эм ехъу хэмылъэу, псэун къодыем езэгъэу – шъхьэегъэзып1э урысымэ афэхъумэ зэрэш1оигъор ари1уагъ.
(ГАКК, ф.355, оп.2, д.143, л.5, л.5 об.ст.)

Нэтхъуаджэ Игъэ1орыш1ап1э тхьапэр къек1и, ар зыфак1орэр Адэгумыдзэм ипашэ.
Нэтхъуаджэхэу сатыуаш1э къэзэкъ къуаджэу – Крымская – къак1охэрэм якъамэхэр, яхьэзырхэр, ябгырыпхыхэр къэзэкъхэм атырахых; сыд фэдэнк1и фит, ау зыгорэ а1ырамыхэу къуаджэм дагъахьэхэрэп. …
Мо мазэм иящэнэрэ мафэ зы нэтхъуаджэ горэ лъэсэу ащ къик1ыжьыгъэу къэк1ожьзэ къэзэкъ шыуит1оу къы1ук1агъэмэ ащ ипа1о щыратхъи, яшыхэм ялъэндэкъаохи – ч1атхъужьыгъ. Сатыуаш1э къэк1ыжьыщтыгъэ лъэсым ипа1о сомитф дэлъыгъ. Ар ахэм алъежьагъ ык1и къэзэкъ къуаджэм къызэсым, нэтхъуаджэр ащ дагъэхьагъэп, къэзэкъмэ загъэбылъыжьыгъ.
Ащ фэдэ къабз непи хъугъэр: Нэщэ Сэлмэн ыч1ыбк1э къэзэкъыр къэк1и, ащ ипа1о щырихи, зигъэбылъыжьыгъ». …
Шэк1огъум и 12 1863 илъэс.
(ГАКК, ф.350, оп.2, д.104, л.1, л.1 об.ст.)

Адэгум къэзэкъыдзэм ипашэ къэзэкъ къуаджэу -Раевская – итхьаматэ фитхырэм щыщ.
Шъэолъыхъу Хьащтыку ышэу Табрыкъу цукум исэу ч1ып1ак1эу зыдыщыгъэт1ысыгъэм ик1ыгъэу, хьамц1ыир къыщэжьынэу хэп1эжьым к1озэ, къэзэкъ нэбгырэ заулэ тебанэхи, утынышхо рахыгъ ык1и, ащ тырахыгъ цукур, к1ак1ор, шъхьэрыхъоныр, бгырыпхыр, хьэзырхэр, па1ор, ахъщалъэу симитф зыдэлъыр.
Хьащтыку урысымэ зэрэадеушъэк1ырэм ыпкъ къик1ырэк1э 1офыр зэхэфыгъэн фаеу Крюковым ы1уагъ ык1и ар къэзэкъ къуаджэу – Раевская – итхьаматэ ыпшъэ рилъхьагъ.
… Озэрэджь псыхъожьыем дэжь щыт къэзэкъхэм ахэр пчыхьэм як1ол1агъэх ык1и чэщыр ащ щырахыгъэти, зэк1эри зэрэхъугъэр къыща1отагъ.
«Ащ сэ ышъхьэ бэщымк1э сызеом – ар ч1ыгум къытезгъэгъолъхьагъ». Ет1унэ ар тхьаматэу Абдулахь ар к1эупч1агъ; уанэрэ шъорэ бэу зэри1эр къы1уагъ; къыздик1ыхэрэ къэзэкъ къуаджэу – Новороссийская – итхьаматэ ар к1апсэм пыш1агъэу фащэнэу унашъо къызэрафиш1ыгъэри къы1уагъ.

Озэрэджь псыхъо1ум 1утыгъэ къэзэкъхэр ахэм яупч1ыгъэх: «Хэт иизынк1э мыхэр шъуш1эхэра?» «Тикъоджэ тхьаматэ унашъоу къытфигъэпытагъэм фэшъуашэу тэзек1о: сыд хъугъэми, нэтхъуаджэхэр тхъук1энхэу ащ къыти1уагъ!»
Шэк1огъум и 21 1863 илъэс
(ГАКК, ф.350, оп.2, д.144)

Хъуп1э зырямы1эм ыпкъ къик1ырэк1э, хабзэ гъэуцугъэм тетэу, къэзэкъ къуаджэу – Раевская- зыфа1орэм дэжь нэтхъоджэ нэбгырищмэ шищымрэ цу щэк1ырэ пл1ырэмрэ а къуаджэм дэс къэзэкъмэ ахэм аш1уабытыгъэу щытыти, мэзаем итфым 1864 илъэсым къэзэкъ къуаджэу – Крымская- зыц1эу Адэгум псыхъо бэмыш1эу 1ут1ысхьэгъэм дэс генерал Бабич дэжь 1офыр зэхафымэ аш1оигъоу к1огъагъэх наибэхэу Кушъутанэкъо Исмахьилэрэ юнкерэу Бэус Хьаджэбырамрэ. Ет1уанэ Бабич Крюковым зэрэфитхыжьырэмк1э, л1ык1оу къэк1огъит1умэ я1оф зыфаехэм фэдэм зэш1урихын фэягъэ.
(ГАКК, ф.350, оп.2, д.104, л.14)

Нэтхъуаджэ ит дзэхэм Ягъэ1орыш1ап1. № 339
Бэдзэогъум ит1ок1 1864лъэс. Пытап1эу – Константиновское - .
Нэтхъоджэ Гъэ1орыш1ап1эм нахь ышъхьэрэ адъютантыгъор зыгъэцак1эрэм фэк1о.
Къушъхьэч1эсэу ик1ыжьырэмэ афэт1упщыгъэ ахъщэм щыщэу сомэ минит1у (ащ щыщэу сомэ миныр тыжьынэу) Кубан ит дзэхэм япашэ иизынк1э (№ 234) Нэтхъуаджэ инаибэу Кушъутанэкъо Нэшъу ефэндым ратыгъэр Гъэ1орыш1ап1эм ч1элъырэ тхылъэу шъагъэк1э зэдэдагъэмк1э къиптхык1ынэу унашъо пфэсэш1ы.
Нэтхъуаджэ итхьэматэу генерал-лейтенант Бабич.
Тэрэз: Нэтхъуаджэ Гъэ1орыш1ап1эм нахь ышъхьэрэ адъютантэу хорунжий Яновский.
(ГАКК, ф.325, оп.1, д.308, л.34 об.ст.)

Мо л1ым фэгъэхьыгъэ статья ш1агъо урысыбзэк1э къыхиутыгъ тарихълэжь ныбжьык1эу Ало Тимур. Статьям ыц1эр: «Гибель Натухая и феномен Куштанока: от идиосикретичности образов к целостному видению» (Материалы Круглого стола «Черкеский вопрос: опыт, проблемы, перспективы научного осмысления», проведенного в Нальчике 28 февраля 2013 года).

Статья ш1агъу, ау ар сэ къыч1эс1отэк1ыжьыныр симурадэп. Лъэхъаныр зэрэхьылъэгъэ дэдагъэр, адыгэ лъэпкъыр дэкъацэм, пэчъыхьагъуит1умэ азыфагу, дэубытагъэу зэрэдэлъыгъэр, пш1оигъом нахьи уипыймэ к1уач1эу я1эр, мурадэу зыфаш1ыжьыгъэр, шъхьэс зэрямы1эр къыдэплъытэнхэ зэрэфэягъэр – ахэр зэк1э авторым куоу къыгъэлъэгъуагъ.
Сэ сипшъэрылъ ащ щысыухыгъэу сэлъытэ. Сизыфэягъэр Кушъутанэкъом фэгъэхьыгъэ информацие нахьыбэ къызэрэнэжъугъэсыщтыр арыгъэ. Си1офш1эн згъэцэк1агъэми сымэгъэцэк1агъэми ары мыщ еджагъэр зыш1эщтыр. Сызэрэгугъэрэмк1э, джэуапым нахьыб мыщ дэжьым упч1эу къэуцугъэхэр…

Мыщ къык1элъэк1ох Кушъутанэкъо Исмахьилэр къызыхэфэрэ орэдит1у явариантыхэр.

…

Остыгъай

(Нэтхъоджэ орэд)

Остыгъэе т1асхъэр а1уи,

Макъэр зэлъырашъ,

Нэфшъэо топым,

Ч1ылъэр къегъэгырз,

Ащ игыны гъозы

Маш1ор къык1элъэлъы.

Къэлэ хьандэчым

Лъыпсыер щагъачъэ,

Гъуч1ы тепк1ит1ор

Къызэш1уращэфы,

Топэр къэзыщэфыгъэм

Титхьэри фэраз.

А мэфэрэ заом

Хьазакъор нэпашъу,

Ш1уц1э Лъэпшъыхьак1эм

Быракъэр рапэсы,

Ш1уагъэр зэрапэсырэр

Кушъутаныкъо Нэшъу.

Чэмышъо Хьапыхъум

Щэмэджэр къегъабзэ,

Тхьаркъо бзахьым хэтэр

Къыхырашъахэ.

Чатэр зырахырэм

Нэтхъуаджэр шыуп.

Шхонч зэпеор

О зэрэбэлахь.

Былымыр къызахьырэм

Шапсыгъэм къеухъумэ,

Натхъоджэ к1алэхэр

Пыим къыхэк1уадэ,

Зибэ хэк1одагъэр

Ацэкъо унишъ.

Нэтхъоджэ унишъэр

Зэрэк1одык1ай,

Хъураикъуит1ор

Лъыпсыер агъачъэ,

Нэтхъоджэ быракъэр

Къалэм щык1ырасэ.

ОСТЫГЪЭЕ КЪАЛЭМ ИОРЭД

Нартмэ я Хьамырзэ гущэр

Шыу зэкъо къали.

Остыгъэе къалэ гущэм

ДзитIур щызэ1ок1и.

Жъыу:

Ойдэ-ридэ, ойдэ-ридэ

(т1о къэп1ощт)

Ойдэ-ридэ ри-ра.

Дзит1оу зэ1ук1агъэ гущэмэ

Л1ы т1урыт1ур хащи.

Л1ы т1урыт1оу хащы гущэрэм

Макъэ зэлъырышъы.

Жъыу:

Л1ы т1урыт1оу хащы гущэрэм

Макъэ залъырашъы.

Нэфышъэгъо топы гущэр

Ч1ылъэми щэгъуагъуи.

Жъыу:

Нэфышъэгъо топы гущэр

Ч1ылъэми щэгъуагъуа,

Джаурмэ ягын гъао гущэм

Маш1ор къыхэлъэлъи.

Жъыу:

Джаурмэ ягын гъао гущэм

Маш1ор къыхэлъэлъа.

Хьаныдэчым дэлъы гущэм

Лъыпсыер хырэчъи.

Жъыу:

Хьаныдэчым дэлъы гущэм

Лъыпсыр хырэчъы.

Тхьарыкъожьым хэлъы гущэм

Джэнэтыр егьоти.

Жъыу:

Тхьарыкъожъым хэлъы гущэм

Джэнэтыр егъота,

Зиунэ зыгъотыжьы гущэрэм

Итхьари къе1ази.

Жъыу:

Зиунэ зыгъотыжьы гущэрэм

Итхьари къе1аза,

1азэу Исмахьилэ гущэр

Ра, у1эгъэгъэш1уи.

Жъыу:

1азэу Исмахьилэ гущэр

Ра, у1эгъэгъэш1уа,

Кушъутанэкъо Нэшъу гущэм

Зэк1эри к1еугъуаи.

Жъыу:

Кушъутанэкъо Нэшъу гущэм

Зэк1эри к1еугъуая,

Ергъужъэе Хьэзакъо гущэр

Чэтэ зэкъорыуи.

Жъыу:

Ергъужъэе Хьэзакъо гущэр

Чэтэ зэкъорыуа.

Нэпэрэ зэуак1э гущэр

Чэтэ 1апшъэрыхъи.

Жъыу:

Непэрэ зэуак1э гущэр

Чэтэ 1эпшъэ рыхьа,

Щытхъур къытфэзыхьы гущэр

Хьатхы Чэтэгьэжьи.

Жъыу:

Щытхъур къытфэзыхьы гущэр

Хьатхы Чэтэгъэжьа,

Хьатхэуи Тыгъэжьыкъо гущэр

Къэлапшъэми теси.

*** - Анапский горский полуэскадрон. Ащ адыгабзэк1э къик1ырэр – Анапэ къалэм ыц1э фэусыгъэу – къушъхьэч1эсхэм яэскадроныныкъу (нэбгырэ 50-60 нахьыбэ хъущтыгъэхэп). Бэдзэогъум ит1ум 1842 илъэсым ар зэхащагъ ык1и, инахьыбэмк1э, ащ хэтыгъэхэр нэтхъуаджэхэр арых. Зегъэушъомбгъугъэу мо эскадроныныкъом тыкъытегущы1энэу хьисап зыфэдгъэуцужьырэп. Джаущтэу щыт нахь мыш1эми къэ1огъэн фай лъэпкъэу зыщыщыгъэм къызэрепыижьыгъэхэр, къумалэу зэрэщытыгъэхэр.**
Къэттхын, мэлылъфэгъум ипш1ык1уим 1861 илъэсым ащ ыц1э зэблъахъугъ ык1и урысыбзэк1э – Кубанский конно-иррегулярный эскадрон – фаусыгъ;
Гъэтхапэм ипш1ык1ут1ум 1865 илъэсым иформэ джыри шъхьэф хъугъэ – Кубанский конно-иррегулярный полуэскадрон;
Щылэ мазэм ит1ок1ырэ зырэм 1866 илъэсым, ар зэхагъэк1ыжьи, ащ иблэк1эу милицие зэхыращагъ – Сотня Кубанской постоянной милиции.
(Еплъ: «Казачьи войска», Санкт-Петербург, 1912, стр.41)

http://fond-adygi.ru/page/kushutaneko-neshu-gushher-kieuh